


# QARAQALPAQSTANNIŃ EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWI (1946-1980)

**Saypnazarova Gúlnaz**

**Berdaq atındaǵı QMU, Tariyx qánigeligi**

**2-basqısh magistrantı**

https://doi.org/10.5281/zenodo.13756257

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 10-sentabr 2024 yil
Ma'qullandi: 11-sentabr 2024 yil
Nashr qilindi: 13-sentabr 2024 yil

**KEY WORDS**

*reforma, ekonomika, xalıq xojalıǵı, sanaat, texnika.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada Qaraqalpaqstannıń ekonomikası rawajlanıwı ushın qanday reformalar ámelge asırılǵanlıǵı hám bul reformalardıń qanday nátiyjeler bergenligi kórsetip ótiledi.*

Ullı watandarlıq urıs tamamlanǵannan keyingi bizin elimizdiń baslı wazıypası ekonomikanı qayta tiklew ham rawajlandırıwdan, xalıq xojalıǵın paraxat jolǵa ótkeriwden ibarat bolǵan. Urıstan keyin pútkil elimizde, Qaraqalpaqstanda da xalıq xojalıǵın qayta tiklew jumısları keń en jayıp ketti. Urıstan keyin xalıq xojalıǵın qayta tiklew hám rawajlandırıw haqqında nızam (1946-1950-jıllar ushın), besinshi ham altınshı bes jıllıq jobaları (1950-jıllar ushın) qabıl qılındı. 1959-jılı jeti jıllıq joba tastıyıqlandı. Jobalarda respublikanıń rawajlanıwı paxta hám basqa shiyki zatlardı tayarlaw jumıslarına baylanıstırıldı. Urıstan keyingi jıllarda sanaat tarawında Qaraqalpaqstanda tazadan Shabbaz paxta zavodın qayta qurıw ham paydalanıwǵa beriw, Shımbay, Xojeli, Qońırat paxta tazalaw zavodların keńeytiw, Shımbay, Xojeli, Qońırat may zavodlarınıń qurılısın tamamlaw jáne de Moynaq balıq-gósh kombinatınıń iskerligin keńeytiriw ham sonday-aq basqada shiyki zat ónimleri tayarlanatuǵın sanaat qurılısların qurıw belgilendi.

1946-1947-jılları paxta tazalaw sanaatı ushın arnawlı kurslarda 59 adam hár túrlı qánigelikler boyınsha oqıtılıp shıǵarıldı, 120 dan aslam adam óndirislik islep shıǵarıwdan ajıratılmaǵan halda oqıtıldı: tikkeley brigadalarda hám tsexlarda djinshiler, lintershiler, presslewshiler jáne mashinistler tayarlandı. Tórtkúl paxta tazalaw zavodında 60 tan aslam adam, Qońırat paxta tazalaw zavodında 50 adam óz qánigeliklerin arttırdı. Sonıń menen birgelikte basqa respublikalardan qánigeler, jumısshılar hám injener-texnika xızmetkerleri shaqırıldı. Respublikada burınnan islep kiyatırǵan paxta hám may zavodlarınıń eskirgen úskeneleri alıp taslanıp, olardıń ornına jańa úskeneler ornatıldı. Nátiyjede olardıń ónimliligi bir neshe ese arttı hám sapası joqarıladı [1, 271].

Eger Qaraqalpaqstan paxta tazalaw zavodları 1940-jılı 29902 tonna shigitsiz paxta jetistirgen bolsa, al 1950-jılı 36614 tonna shigitsiz paxta jetistiriwge eristi. Qaraqalpaqstannıń paxta tazalaw sanaatı burıngıday ulıwma sanaattıń jetekshi tarawı bolıwın dawam etip keldi. Paxta tazalaw zavodlarınıń jumısshıları, injener-texnikalıq xızmetkerleri leningradlılardıń shaqırıǵı boyınsha sotsialistlik jarısqa qosılıp, bes jıllıq reje tapsırmaların tórt jılda orınlap shıǵıw ushın gúresip, jańa óndirislik tapsırmalardı arttırıp orınlawǵa erisip, úlken tabıslardı qolǵa kirgizdi.

1949-1950-jıllarda Qaraqalpaqstannıń jıl sayın óndirislik rejelerin arttırıp orınlawǵa erisip júrgen aldınǵı kárxanaları arasında Xojeli paxta tazalaw zavodı, Qazaqdárya, Porlıtaw balıq zavodları da boldı. Jergilikli sanaat ministrliginiń karxanalari jıllıq óndirislik rejelerin 110 protsentke orınlap shıqtı. Olardıń arasında óz tapsırmaların gerbish zavodı - 114,4 protsent, Aqtaw hák zavodı - 163 protsent, ag'ashtan zat islew zavodı - 119,1 protsent etip orınlap shıqtı. Jergilikli sanaat kárxanalarınıń jumısındaǵı bul tabısı sotsialistlik jarıstıń keń eń jaydırılıwı, qolda bar rezervlerden sheberlik penen paydalanıw ham basqalar nátiyjesinde qolǵa kirgizildi. Máselen Nókis úst kiyim-ayaq kiyim kombinatı 1950-jili shiyki zattı únemlew esabınan 983 hayal qızlar kóylegin hám 211 jup ayaq kiyim tigip tayarlawǵa eristi. Al Xojeli may shıǵarıw zavodı únemlengen shiyki zat esabınan 34 tonna shigit mayın tayarladı. 1951-1955-jılları Xojeli gósh kombinatı, Xojeli gerbish zavodı, Beruniy paxta tazalaw zavodı hám Taqıyatasta ońlaw-mexanikalıq zavodları iske qosıldı. 1951-jılı Taqıyatas energetikalıq xojalıǵı dúzilip, ol respublikanıń energetikalıq bazasın dúziwge tiykar boldı. [4, 304].

1946-1950-jılları Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵın qayta tiklew hám rawajlandırıwdıń bes jıllıq rejesi haqqındaǵı Nızamda respublikanıń pútkil xalıq xojalıǵın rawajlandırıwdıń eń áhmiyetli ilajlarınıń biri retinde respublikalıq suw hám avtomobil trantportın qayta tiklew jáne rawajlandırıw, Nókis qalasınıń rayon orayları menen telefon, telegraf baylanısın jaqsılaw, jergilikli orınlardaǵı telefon stantsiyalarınıń quwatın kúsheytiw, telefon baylanısın , radio esittiriw tochkalarınıń tarawın keńeytiw názerde tutıldı. 1950-jılǵa shekem-aq Nókis, Tashkent hám Moskva aralıǵında telefon baylanısı ornatılǵan edi. Bunnan keyingi jıllarda basqa qalalar menen telefon baylanısı dúzildi. Nókis qalası qalalar hám basqa aymaqlar menen telefon arqalı baylanıstı [3, 242].

Urıstan keyingi dáwirde awıl xojalıǵın qayta tiklew hám bunnan bılay da rawajlandırıw dástúri islep shıǵıldı ham onı ámelge asırıwdıń jolları belgilep alındı. Bul dástúrdiń Qaraqalpaqstannıń awıl xojalıǵına baylanıslı konkret ilajları 1946-1950-jılları Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵın qayta tiklew hám rawajlandırıwdın bes jıllıq rejesi haqqındaǵı nızamda aytılǵan edi Bul nızamda paxtashılıqtıń urısqa shekemgi darejesin 1947-jılı qayta tiklew hám 1960-jılı paxta jetistiriwdi 163 mıń tonnaǵa jetkiziw, paxta jetistiriwdi barǵan sayın kóbeytiw, jerlerdiń meliorativ jaǵdayların jaqsılap barıw hám bos jatqan jerlerdi ózlestirip barıw, mal sharwashılıǵın jáne awıl xojalıǵınıń basqa tarawların qayta tiklew hám rawajlandırıw Qaraqalpaqstannıń awıl miynetkeshleriniń tiykarǵı wazıypaları etip belgilendi.

Xojeli rayonı boyınsha 1946-jılı paxtanıń zúráátliligi urıstan burınǵı dárejesinen - gektarınan 9,4 tsentner ornına 14,5 tsentnerge jetkerildi. Usıǵan baylanıslı kolxozlardıń dáramatı ádewir ósti. Eger 1945-jılı kolxozlardıń paxtashılıqtan alǵan doxodı 41 million manattı quraǵan bolsa, al 1946-jılı bul 65 million manattan asıp ketti Paxtashılıqtı rawajlandırıwdaǵı joqarı jetiskenlikleri ushın hám 1946-jılı mámleketke paxta tapsırıw rejelerin arttırıp orınlawǵa eriskenligi ushın respublika awıl xojalıǵı aldınǵılarınıń úlken bir toparı orden hám medallar menen sıylıqlandı. Urıstan keyingi jıllarda paxtashılıqtı rawajlandırıwda belgili tabıslar qolǵa kirgizildi hám bul tabıslar awıl xojalıǵınıń usı áhmiyetli tarawın bunnan bılay da tez pátler menen rawajlandırıw ushın qolaylı sharayat dúzip berdi. 1968-jıldan baslap Qaraqalpaqstan Ózbekstannıń paxta rejesin birinshilerden bolıp orınlap, 300 mıń tonna paxta jetistirip, Ózbekstannıń paxta rejesin orınlawǵa kómeklesti [2, 50].

1947-jılǵı 25-oktyabrdegi „Tut aǵashı nállerin jetistiriw ilajları haqqında"ǵı qararına muwapıq Qaraqalpaqstanda jeti kolxozda jer maydanı 14 gektardan 16 gektarǵa shekem bolǵan tut aǵashı nállerin jetistiriwshi pitomnikler qayta tiklendi yamasa jańadan shólkemlestirildi. Olar mámleketlik pitomnikler menen birge kolxozlardı tut aǵashı nálleri menen tolıq túrde táminlep turdı. Pilleshilikti bunnan bılay da rawajlandırıw azıqlıq bazanı jaqsılawdı hám keńeytiwdi talap etti. Qaraqalpaqstan kolxozları 1947-1948-jıllar dawamında jańa jerlerge tut nállerin egip, jaqsı sortlı tut aǵashlarına iye tutzarlıqlardıń maydanın 1946-jılǵa salıstırǵanda

2,5 ese keńeytti. Azıq-awqat sanaatında Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp, yaǵnıy 20,1 mln qutı balıq konserva ónimin islep shıǵardı. Moynaq kombinatınıń jıllıq quwatı 17,1 mln edi [5, 58].

Juwmaqlap aytqanda Qaraqalpaqstan xalıq xojalıǵında alıp barılǵan reformalar hám jańalıqlar respublika ekonomikasınıń belgili bir dárejede rawajlanıwına alıp keldi.

## Ádebiyatlar

1. Kamalov Q. El xizmetinde. Nókis., «Qaraqalpaqstan». 1995.
2. Kamalov Q. Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı haqqında jańa derekler. Nókis., «Bilim». 2020.
3. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis., «Qaraqalpaqstan» . 2010.
4. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı: Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem. Nókis «Qaraqalpaqstan» 2003.
5. Qoshanov A.B. Qaraqalpaqstan tariyxnaması. (Eń jańa dáwir). Oqıw qollanba — Nókis., 2016.

INNOVATIVE ACADEMY